

## Pwogram Modifikasyon Prè pou Kay

Ou gen dwa a asistans lengwistik san li p ap koute w anyen pou w aksede Pwogram Modifikasyon Prè pou Kay la. Tanpri kontakte ajans founisè lokal la, ki pral ba w asistans sa a.

### Kisa ki Pwogram Modifikasyon Prè pou Kay la?

Pwogram Modifikasyon Prè pou Kay la (HMLP) se yon pwogram prè ki finanse pa leta Massachusetts ki ofri prè pou pwopriyetè kay ak mèt kay piti pou yo modifye oubyen adapte kay pa yo pou yon moun ki rete nan kay la ki gen nenpòt ki laj ki gen yon limitasyon oubyen andikap ki dokimante pwofesyonèlman.

### Ki jan de pwojè ki elijib?

Pwogram Modifikasyon Prè pou Kay la se pa yon pwogram jeneral pou ranje kay. Pou w elijib pou yon prè HMLP, fòk chanjman nan kay la reprezante modifikasyon ki gen rapò ak limitasyon oubyen andikap fonksyonèl moun ki rete nan kay la. Kèk egzanp de pwojè ki finanse atravè pwogram sa a enkli ranp, sistèm alam ak fil ak lòt modifikasyon pou sekirite, osi byen ke twalèt ak kwizin ki aksesib.

### Ki jan de prè ki disponib?

Tout pwopriyetè kay ki kalifye resevwa yon prè ak 0% peman ranvwaye. Pwopriyetè kay yo kapab resevwa yon prè ant \$1,000 ak \$50,000. Nou ofri prè pou pwopriyetè kay pre-fabrike oubyen mobil yo ant \$1,000 ak \$30,000. Ou pa oblige fè peman chak mwa sou prè peman ranvwaye sa yo. Peman an ap fèt lè w vann pwopriete a oubyen transfere tit la bay yon lòt moun oubyen nan yon fon plasman, oubyen si gen nenpòt ki kondisyon nan kontra prè a ki pa satisfè.

Kèk mèt kay gen dwa elijib pou yon prè amòtizan ak 3% enterè pou yon lokatè. Tanpri pale ak ajans founisè reyjonal ou a pou plis enfòmasyon.

Prè HMLP yo sekirize ak yon Nòt Òdone e Ipotèk pou pwopriyetè *oubyen* Nòt Òdone ak Akò Sekirite pou kay pre-fabrike oubyen mobil yo.

### Ki jan pou mwen aplike?

Genyen sèt (7) ajans, k ap sèvi uit (8) reyjon nan tout eta a. Ajans sa yo travay dirèkteman ansanm ak demandè HMLP yo.

Reyjon Nòdès	Community Teamwork, Inc.	978-654-5741
Reyjon Boston	Metro Housing Boston	617-425-6637
Reyjon Sidès	NeighborWorks Housing Solutions	617-770-2227
Reyjon Kap ak Zil yo	SMOC	508-202-5919
Reyjon MetwoWès	SMOC	508-620-2682
Reyjon Santral	RCAP Solutions, Inc.	978-630-6725
Reyjon Greater Springfield	Way Finders, Inc.	413-233-1615
Reyjon Oksidantal	Pioneer Valley Planning Commission	413-781-6045